A Chikara chinobva mugungwa. Zvakazarurwa 13:1-10.

- **Its identity. Revelation 13:1-2.**
  - Chikara chinoratidzika pamberi pa Johani.Chine musanganiswa wezvikara zvina zviri muna Danieri 7.
  - Muono uyu wakananga pakuita kwacho mumwedzi 42 (pakati pa 538 AD na 1798 AD), saka chikara ichi hupapa uye basa rayo sesimba rechitendero rinotambudza.
- **Mwedzi 42 yesimba. Zvakazarurwa 13:3-10.**
  - Tikatarisa Zvakazarurwa 13:5-7 na Danieri 7:24-25, tinosvika pakuti chikara chinotaura nezvekushandura mutemo kubvumira: (1) kunamatwa kwezvifananidzo; uye (2) kushandurwa kwezuva rekunamata, kubva musi we Sabata kuti riite Svondo.
  - Kumhura Mwari,mashoko anopikisa wokumusorosoro.Zvinosanganisira kutsiva kumiririra kwaJesu muSenjuwari yekudenga nekumiririra kwe munhu,kuchiiswa mu mass chipiriso chamazuva ese panzvimbo ye chipiriso cha Jesu chimwecho narini. (VaHebhuru 10:10-12).

B Chikara chinobva panyika. Zvakazarurwa 13:11-13.

- **Chinozivikanwa sei. Zvakazarurwa 13:11**
  - Tinogona kuziva chikara chechipiri nemamiriro anoteera:
    (1) Chakabva panyika, pane vanhu vashoma.
    (2) Chinotaridza segwayana asi chinotaura seshato.Inyika ine runyararo pakutanga,asi chinoshandisa zhowezhowe.
    (3) Chinopihwa simba mushure meronda rinouraya rechikara chekutanga(1798 AD), uye chichine simba mushure mekunge ronda rapora.
    (4) Chinoita zviratidzo zvikuru.
  - Nyika chete izvozvi ine tsananguro iyi I United States of America.
- **Mabasa acho. Zvakazarurwa 13:12-13.**
  - Shato yakapa simba kuchikara chinobva mugungwa.Simba rimwero rinoshandiswa nechikara chechipiri.Ndosaka chichitaura seshato.
  - USA yagara ichingonzwikwa uye zvainofunga zvichibvunzwa kwairi apo panoitika kusawirirana pane rino pasi,sezvaiita huPapa panguva yeMiddle Ages. Kufunga nemaitiro ayo kunechekuita nezvinozoitika mupasi rese.
  - Vanopikisa chi Katurike vakatsauka-vakamiririrwa ne USA-vachaita minana,vachiita sekuti varikuita kuda kwa Mwari. Izvi zvichazungunusa hana zvichizoita kuti vanhu vatambire samba rechikara chokutanga(HuPapa).

C Mufananidzo wechikara. Zvakazarurwa 13:14-18.

- **Chinozivikanwa sei. Zvakazarurwa 13:14.**
  - Panongotariswa chikara chechipiri nepasi rese,chichapa zano rekuvakwa kwemufananidzo wechikara chekutanga.
  - Izvi zvinosanganisira kuumbwa kweboka rinechekuita nezvematongerwo enyika uye chitendero richishandisa simba rekutonga kuti rimanikidzire dzidziso dzechitendero muvanhu,sezvaiitwa nehuPapa munguva ye Dark Age.
- **Mabasa acho. Zvakazarurwa 13:15-18.**
  - Munembo wechikara hachisi chibande,mavara kana kamuitiro kemuchivande kekutonga vanhu.Inyaya yekunamata.Kutambira mutemo waMwari kana mutemo wemunhu.Chiratidzo chekunyatsozvisiyanisa nezvimwe chichapatsanura vanhu kuita mapoka maviri apo kuuya kwa Jesu kwechipiri kunenge kwave pedyo.
  - Isarudzo yaunofanirwa kuita,nekuti ruponeso rwako runoenderana nekuti zvinoenderana nekuti unonamata ani uye ngenyi.
  - Mubhaibheri, zita rinoreva zvimwezvo ne chimiro nehunhu hwemunhu. Nekudaro, vanhu 144,000 vanonembwa nechimiro—nezita—raMwari (Zva. 14:1), uye vamwe vese vanonembwa nechimiro chechikara. Vamwe vanhu vanotambira munembo wechikara nekuda kwezvanofarira bedzi(paruoko rwerudyi).